

RINGKESAN

Tujuan panalungtikan ieu nyaéta pikeun nangtukeun kumaha sawangan mahasiswa dina pangajaran prakték *micro teaching*, minat jadi guru sarta pangaruhna sawangan mahasiswa dina pangajaran prakték *micro teaching* kana minat jadi guru (survéy ka mahasiswa pendidikan ékonomi angkatan 2015 FKIP Unpas). Méthode panalungtikan nu di paké nyaéta survéy ngagunakeun sampel mahasiswa program studi pendidikan ékonomi FKIP Unpas entragan 2015 anu jumlahna 99 mahasiswa. Analisis data nu digunakeun nyaéta *analisis régrési liniér sederhana* ngaliwatan itungan *rata-rata skor* ngagunakeun *IBM SPSS Statistics Version 24.0. for Windows*. Hasil panalungtikan rékapitulasi *skor rata-rata* kamandang réspodén ngeunaan sawangan mahasiswa dina pangajaran prakték *micro teaching* lobana 4,08 (81,54%) sedengkeun minat jadi guru lobana 4.16 (83,20%). Dumasar analisis data nu geus dilakukeun, hasil panalungtikan pangaruh persépsi mahasiswa dina pangajaran prakték *micro teaching* nyaéta ditingali tina itungan *koefisien determinasi* ngaliwatan *nilai R Square* lobana 0,263. Ieu hal ditétélakeun variabel X miboga pangaruh lobana 26,3% kana variabel Y jeung sésana 73,7% dipangaruhan ku faktor séjén. Faktor nu jadi pangaruh kana variabel Y lobana 26,3% disababkeun ku indikator variabel X mangrupa persepsi mahasiswa dina pangajaran prakték *micro teaching*. Nu nalungtik boga saran pikeun pihak-pihak anu patali nyaéta: (1) Pikeun mahasiswa, diharepkeun bisa nerapkeun proses pangajaran prakték *micro teaching* kalayan maksimum; (2) Pikeun dosén, bisa ningkatkeun kualitas dina ngajar contona ngalakukeun bimbingan saacan mimitian ngalakukeun proses pangajaran, sarta ngalakukeun panilaian jeung évaluasi kana tampilan mahasiswa praktékan; (3) Pikeun panalungtik salajengna, bisa ngalaksanakeun panalungtikan nu sarupa kalayan pambahasan anu béda guna ngahasilkeun sagala *alternatif* pikeun ningkatkeun pamahaman pangajaran *micro teaching* dina pokok bahasan nu séjén.

Kecap Konci: Sawangan Mahasiswa dina Pangajaran Prakték *Micro Teaching*, Minat Jadi Guru